

# COVID-19 ak Kansè

Depatman Sante Florid • FloridaHealthCOVID19.gov

**Si ou gen kansè aktyèlman oswa ou te gen kansè lontan, ou ka gen pou pran dispozisyon espesyal pou pwoteje sante ou. Sa enpòtan sitou pou pasyan ki gen kansè k ap trete avèk chimyoterapi. Yo gen plis chans pou pran yon enfeksyon paske chimyoterapi an ka febli sistèm iminitè a, epi pou menm rezon sa, enfeksyon an gendwa pi grav.**

**Si ou gen yon tous oswa souf kout, rete lakay ou epi kontakte founisè swen sante ou. Pa ale nan travay ni lekòl.**

**Lòt sentòm yo ka gen ladan lafyèv, frison, tranbleman, doulè nan misk, maltèt, malgòj, ak vin pa ka pran gou oswa pran sant.**

**Pran repo epi rete idrate.** Si ou pa malad ase pou ou oblige entène lopital, ou ka refè lakay ou.

**Siveye sentòm ou yo.** Si sentòm ou yo vin pi mal, rele founisè swen sante ou touswit.

**Chèche swen medikal touswit** si ou vin gen nenpòt nan sentòm annapre la yo:

- Pwooblèm pou respire
- Doulè oswa presyon pèsistan nan pwatrin
- Nouvo konfizyon oswa ou pa kapab reveye
- Po bouch oswa figi ki vin ble



## Pran swen sante ou.

- Anvan ou ale nan randevou ou yo pou tretman kansè, mande doktè ou kijan ou kapab ede pwoteje tèt ou pou ou pa trape COVID-19.
- Tcheke si yo ka voye pou ou dirèkteman nenpòt medikaman w ap pran nan bouch dekwa pou ou pa oblige ale nan famasi oswa nan klinik.
- Mande doktè ou si gen lòt bagay ou ta dwe fè pou izole tèt ou de lòt moun.
- Konsève abitid ki bon sante: manje an sante, fè egzèsis, dòmi ase ak jere estrès.
- Sispann fimen. Fimen ka ogmante risk pou ou fè kriz kadyak oswa estwok. Ale nan TobaccoFreeFlorida.com pou jwenn sèvis Quit Your Way yo (pou kite fimen).



**Estoke apeprè 2 a 3 semèn** manje ki p ap gate, medikaman preskripsyon ak founiti medikal ak pou swen sante.

**Kreye yon lis kontak** fanmi, zanmi, vwazen, founisè swen sante, pwogram èd kominotè ak chofè, epi fè yo konnen ou gendwa bezwen yo pou jwenn èd si ou vin malad.

**Rete ajou** avèk konsèy eta ak konsèy lokal yo nan FloridaHealthCOVID19.gov ansanm ak konsèy CDC yo sou kansè nan CDC.gov/Cancer/Survivors/Staying-Well-at-Home.htm.



**Lave men ou souvan** avèk savon ak dlo pandan 20 segonn omwen. Si savon ak dlo pa disponib, itilize yon dezenfektant pou men ki gen omwen 60% alkòl.

**Evite manyen figi ou** ak men ou ki pa lave.

**Kouvri tous ou ak etènye ou** avèk andedan koudbra ou oswa yon klinèks.

**Netwaye chak jou objè oswa sifas** moun manyen anpil yo: manch pòt, kontwa kizin, touch klavye, elatriye.

**Si ou malad, pwoteje fanmi ou.** Rete nan yon chann separe ak lòt moun epi evite pataje atik pèsònèl. Aprann plis nan paj Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Get Your Home Ready (prepare kay ou) (<https://tinyurl.com/v267uf3>).

## Pratike Distans Sosyal:

- Kontinye rete lakay ou tout tan sa posib.
- Rete lwen moun ki malad oswa ki te malad nan de semèn ki sot pase yo.
- Al fè acha nan lè kote foul moun yo pi piti.
- Evite foul ak rasanbleman ki gen 10 moun oswa plis.
- Kenbe omwen 6 pye distans ant oumenm ak lòt moun.
- Evite touche sifas publik "anpil moun manyen" yo.
- Mete pwoteksyon figi an twal nan andwa publik yo.



**6 pye**

